



Politik konfidansyalite NY State of Health pou Mesaj ki otomatik

Dat li Antre An Vigè: 24 jiyè 2024

Lè ou bay NY State of Health nimewo telefòn selilè w, ou dakò (oswa “chwazi”) pou NY State of Health voye mesaj ki otomatik, sa gen ladan l Sèvis mesaj ki kout (“Short Message Service, SMS” oswa tèks), Sèvis Mesaj Miltimedya (Multimedia Messaging Service, “MMS”), oswa WhatsApp (yo rele tout ansanm “Mesaj” oswa “Sèvis”) dirèkteman sou nimewo telefòn selilè w (“Sèvis”).

Enfòmasyon Nou Kolekte

Enfòmasyon nou kolekte sou ou nan kad Sèvis la ka gen ladan li nimewo telefòn selilè ou, epi dat ak lè ou reponn (sa gen ladan l men se pa sa sèlman ou “Kòmanse” (Start) oswa “Sispann” (Stop)). **Pa bay okenn enfòmasyon pèsònèl nan mesaj.**

Fason nou Itilize Enfòmasyon Nou Kolekte yo

Yo sèvi ak nimewo telefòn selilè ou bay NY State of Health la pou voye mesaj grasa Sèvis la, e pou suiv sa w chwazi oswa refize, oswa pou voye mesaj alavni.

Enfòmasyon Nou Pataje

Nou pa bay lòt moun enfòmasyon pèsònèl ki idantifye ou san konsantman ou, eksepte nan ka yo pale de li nan Politik Konfidansyalite sa a.

Nou kapab bay enfòmasyon ki idantifye ou yo pou nou respekte nenpòt lwa, règ, pwosedi legal oswa demann gouvènman an fè ki aplikab, tankou reponn ak demann oswa manda yo voye ban nou pou parèt nan tribinal, oswa nan kad detansyon, prevansyon, oswa ankèt yo ap fè pou fwod.

Nou kapab pataje enfòmasyon ki idantifye ou yo ak founisè k ap bay sèvis nan non nou yo sou baz enstriksyon nou yo. Nou pa bay founisè sa yo otorizasyon pou itilize oswa pibliye enfòmasyon sa yo, eksepte nan ka yo pale de li nan Politik Konfidansyalite sa a.

Chanjman nan Politik Konfidansyalite sa a

Nou kapab revize Politik Konfidansyalite pou mesaj ki otomatik nenpòt ki lè e san nou pa mete nou okouran anvan sa. Yo ap afiche dat Politik Konfidansyalite ki la kounye a ap antre an vigè anwo politik la. Tanpri, remake dwa nou genyen pou itilize enfòmasyon pèsònèl ki idantifye ou yo ap baze sou Politik Konfidansyalite ki an vigè nan moman nou ap itilize enfòmasyon yo. Si ou pa dakò ak youn nan kondisyon yo met ajou nan Politik sa a, ou dwe suiv pwosesis yo dekri nan Kondisyon Sèvis pou mesaj otomatik la pou ou ka sispann itilize Sèvis la. Li disponib nan []. Piske ou kontinye itilize Sèvis la apre yo fin mete ou okouran konsènan chanjman yo fè nan Politik Konfidansyalite sa a, ou dakò pou yo lye ou ak Politik Konfidansyalite ki revize a.